7. Пахомова Н. Ю. метод учебного проекта в образовательном учреждении: Пособие для учителей и студентов педагогических вузов. – М.: АРКТИ, 2003.

8. Проектная деятельность в информационной образовательной среде XXI века: учебное пособие 10 изд., перераб. – М.: «Современные технологии в образовании и культуре». 2009.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада педагогика институтларида “Рус адабиёти тарихи” фани машғулотида коллаборатив лойиҳадан фойдаланиш муҳокама қилинади. А.С. Пушкиннинг “Кичик фожеалар” мавзусидаги семинар машғулоти мисолида. “Кичик фожеалар”нинг ижодий нияти ва яратилиш тарихи. Европа адабиёти билан алоқа.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается метод коллаборативного проектирования на занятиях по дисциплине «История русской литературы» в педагогических вузах, на примере занятия по теме «Маленькие трагедии» А.Пушкина. Творческий замысел и история создания «Маленьких трагедий». Связь с европейской литературой.

**SUMMARY**

The article discusses the method of collaborative design in the class "History of Russian literature" in pedagogical establishments. By the example of a lesson on the topic “Little Tragedies” by A. Pushkin. Creative intent and history of the creation of "Little Tragedies" are presented. Connection with European literature is learnit.

## ЖОҚАРЫ КЛАСС ОҚЫЎШЫЛАРЫНЫҢ ОҚЫЎДАН ТЫС ИСКЕРЛИГИНДЕГИ ҲУҚЫҚЫЙ ТӘРБИЯСЫНЫҢ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Б.И.Арзиева** - *үлкен оқытыўшы*

**Г.Ж.ДЖамилова** – *стажёр оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ҳуқуқ, фаолият, тарбия, дарсдан ташқари, тўгарак, ҳуқуқий маданият, ҳуқуқий онг, конференция.

**Ключевые слова:** правовое мастерство, воспитание, внеурочное, кружок, правовая культура, правовое сознание, конференция.

**Key words:** law, activity, education, out of class activity, circle, legal culture, legal conscious, conference.

Жоқары класс оқыўшыларының ҳуқықый тәрбиясы, олардың ис-ҳәрекетинде қәлиплесетуғынлығы ҳәммемизге белгили. Шахстың искерлигиниң қәлиплесиўи тәрбияның нызамға муўапықлығына байланыслы болады. «Искерлик» түсинигиниң өзи тийкарынан «жәмийетте субъекттиң өзиниң жасаўы ҳәм раўажланыўы ушын ҳәр тәреплеме шараятлар жаратыў процеси, социаллық шынлықтың, жәмийетлик талап, мақсет ҳәм мәселелер менен сәйкесликтеги өзгериси»- деген мәнисти аңлатады.

Педагог-психолог алым Л.П.Буева атап өткениндей, «искерлик бул – объективлик ҳәм субъективлик шараятлардың, яғный жәмийетлик қатнасықлар ҳәм социаллық дәстүрлер системасын, соның менен бирге, инсанның соларға сәйкес түсиниклер системасын жаңадан ислеп шығарыў ҳәм өзгертиў мүмкиншилигине ийе бир күш»- болып табылады [3].

Елимиздеги психологиялық ҳәм педагогикалық илим, «искерлик»ке, шахс тәрбиясы ҳәм раўажланыўының оғада зәрүр шәрти сыпатында қарайды. Шахс ҳәм оның искерлиги үзликсиз байланыста болады. Шахстың искерлигин бийкарлаў жолы менен оның психологиялық мәнисин ашыў мүмкин емес. Сондай-ақ, шахстың искерлигин үйренбей турып, шахстың өзин түсиниў қыйын болады.

Шахс өз искерлиги менен өзине өткерилип атырған тәсирди келтирип шығарады. Турмыстың ҳәр қыйлы жағдайларында инсанға тек искерлик процесинде ғана тәсир өткериў мүмкин. Ол шахстың ҳәр түрли қәсийетлери, соның ишинде әдеп-икрамлылық қәсийетлери болған – адамларға ҳүрмет, жәмийетшиликке, мийнетке деген қатнасы қәлиплесетуғын сфера болып табылады. Искерликтиң қандай тәрбиялық нәтийжеге ийе болатуғынлығы, шахстың руўхый дүньясының психологиялық раўажланыўына байланыслы болады. Бул байланыслар қаншама бай болған сайын, оның руўхый раўажланыўы да соншелли күшли болады. Шахстың руўхый байлығы – оның қарым-қатнасында көринеди.

Биз-шаңарақта, улыўма билимлендириў мектеплеринде, тәрбия системасы тәрепинен иске асырылыўы мүмкин болган бирден-бир сфера-бул жоқары класс оқыўшыларының искерлиги болып есапланады деген түсиникке тийкарланамыз.

Мектеп оқыўшыларының искерлик түрлери ҳәр қыйлы. Мақсетлер сыпаты ҳәм соған байланыслы мазмуны бойынша мектеп оқыўшыларының – оқыў, ойын ҳәм мийнет, қарым- қатнас сыяқлы искерлик тәреплерин белгилеп көрсетиў мүмкин. Әдетте, усы искерликтиң қай жерде шөлкемлестирилетуғынлығына қарап, оқыў ҳәм оқыўдан тыс искерликти айырыўға болады.

Мәлим болғанындай, мектеп оқыўшысының шахс сыпатында жүзеге келиўинде, оның ҳәр тәреплеме раўажланыўы ҳәм оның ҳуқықый тәрбия алыўында оның искерлиги әҳмийетли роль ойнайды. Бул искерлик әсиресе оқыў сабақларында әмелге асырылады.

Оқыў сабақлары деп – муғаллимлердиң ажыратылған ўақыт ишинде ҳәм белгиленген мектеп оқыўшылары контингенти менен өткерилетуғын сабақларына айтылады. Бул сабақлар мектептиң, класстың оқыў кестелерине киргизилген. Бул сабақлардың дүзилис бирлиги - ҳәзирги заман улыўма билимлендириў оқыў орынларындағы педагогикалық процесстиң тийкарғы формасы болып есапланады.

Оқыў сабақлары, оқыў-тәрбия жумысларын анық жойбарластырыў ҳәм шөлкемлестириў, сондай-ақ, оқыўшылардың оқып үйрениўге байланыслы искерлик процеси ўақытында бақлап барыў ҳәм раўажландырыўды тәмийинлейди. Соның менен бирге, бул сабақлар мектеп оқыўшыларының тәлим-тәрбиясы ҳәм оларды шахс сыпатында раўажландырыўды дөретиўшилик шөлкеми ушын, оқытыўшы ҳәм оқыўшылардың өзбетинше искерлигине қолайлы жағдайлар жаратады.

Оқыўдан тыс искерлик-улыўма билимлендириў орынларында, оқыўдан тыс ўақытларда өткериледи. Оқыўшылардың белсендилиги, ҳәўескерлигин ҳәр тәреплеме раўажландырыў ушын балалардың қызығыўшылығын есапқа алып, олардың өз қәлеўи менен қатнасыўы ушын дүзиледи.

Оқыўдан тыс искерлик оқыў искерлиги сыяқлы миннетли түрдеги бағдарламалар менен тәртиплестирилмей, тек ғана келисим тийкарында шөлкемлестириледи. Ол тәрбияның улыўма принциплери тийкарында дүзиледи. Оқыўдан тыс искерлик, оқыў процесине салыстырғанда көбирек қосымша тәрбиялық тәсири жоқары болады. Оқыўдан тыс искерлик жоқары класс оқыўшыларының билимлерин еле де кеңейтиў ҳәм тереңлестириўге, сабақта алған билим ҳәм уқыплықларын беккемлеўге, баланың билимин раўажландырыў, оның ҳәр тәреплеме қызығыўшылықларын қанаатландырыў, балада белсендиликти қәлиплестириў ҳәм ҳәўескерлик уқсаған қәсийетлерди жетилистириў мүмкиншиликле-

рин береди. Бунда, тәрбияланыўшылардың жәмийетлик шөлкемлестириўшилик искерлиги, олардың улыўма пайдалы жумысларын ҳәм бос ўақытларын шөлкемлестириўи әҳмийетли орын ийелейди. Оқыўдан тыс искерлик ўақтында тәрбия–ҳуқықый тәрбия, пуқаралық миннетлерге садықлық, ақыл-парасаттың жетилисиўи, оқыўшыларды әдеп-икрамлылық ҳәм мийнет сүйиўшиликке тәрбиялаў, эстетикалық ҳәм физикалық тәрбияны қәлиплестириў ушын хызмет етеди. Тәрбиялық процесс дурыс шөлкемлестирилген жағдайда, ол ҳәр бир мектеп оқыўшысының жеке раўажланыўына мүмкиншилик туўдырады.

Жоқары класс оқыўшылары оқыўдан тыс искерликте қатнасыўы менен бирге, өзлерин сәрдарлыққа таярлаўға, басқа адамлар менен қарым-қатнасыққа, өз искерлигиниң ҳәр түрлилиги менен белгиленген бағдарға жол табады. Оқыўдан тыс искерлик қанша көп түрли болған сайын, бул қатнасықлар байып барады, жоқары класс оқыўшыларының қатнас шеңбери де кеңейеди, демек соған сәйкес олардың руўхый байлығы да артады.

Оқыўдан тыс искерлик-жоқары класс оқыўшыларының ҳуқықый тәрбия факторы болып табылады. Оқыўдан тыс искерлик, оқыў искерлигине қарағанда көбирек ўақыт бослығына ийе ҳәм анаў ямаса мынаў искерлик түрине қатнасыўшылар санының көбейиўин тәмийинлейди. Ол жоқары класс оқыўшыларының ҳәр түрли кеңислик көлеминде ҳәр түрли жәмәәттағы ҳәрекетин нәзерде тутады. Мысалы: улыўма билимлендириў мектеби, класс оқыўшыларының ҳәммеси, баслама көтериўши топары менен ямаса жеке түрде – қандай да бир дөгерек, клуб қурамында өз искерлигин, өзиниң класы, улыўма билимлендириў мәкемеси, жеке өзиниң пайдасы ушын бағдарланып ҳәрекет етиўи мүмкин.

Оқыўдан тыс искерлик оғада үлкен мүмкиншиликлерге ийе болады, себеби, жоқары класс оқыўшысының–табысқа ийе болыўы, өзин өз миллий қәдириятларға сай тәрбиялаўы мүмкин болған искерлик сферасының толық сүўретлеў шеберлилиги сыпатында көринеди.

Жоқары класс оқыўшылары ҳуқықый тәрбиясында қолланылатуғын оқыўдан тыс искерлик түрлери жүдә көп түрли ҳәм ҳәр қыйлы тийкарлар бойынша классификацияланады. Бул тийкарлар төмендегилер болыўы мүмкин:

- Класстан тыс жумысларды шөлкемлестириў– бул жумыслар класстағы оқыўшылардың өзин-өзи басқарыўы арқалы, буған ҳәр қыйлы класс жумыслары, әмеллер ҳәм т.б, балаларды қызығыўшылықлары бойынша бирлестириў, бунда дөгереклер, клублар, секциялар шөлкемлестириў.
- Класстан тыс жумысларға қатнасыўшылардың саны – усыған байланыслы ғалабалық (диспутлар, конференциялар, ҳуқық қорғаў органлары ўәкиллери менен ушырасыўлар, ҳуқықый бағдардағы фильмлер көриў ҳәм оларды талқылаў); топарлық (иске байланыслы ойынлар, кружоклар, клублар); жекке түрдеги (ҳәр қандай жағдайлардың алдын-алыў бойынша гүрринлесиўлер); қәдириятқа бағдарланған (ҳуқыққа ҳәм жекке өзине ҳуқықый мәдeният субъекти сыпатында қатнасыныўының қәлиплесиўи); байланыс (турмыстағы жағдайлар ҳәм олардың нызам тәрептен баҳасын аңлаў); ис-ҳәрекет

Мектеп оқыўшыларының оқыўдан тыс искерлигиндеги ҳуқықый тәрбия ҳәр бир жас басқышында өз өзгешелигине ийе болады. Ҳәр бир жас өзиниң айрықша өзине тән «раўажланыўдың социаллық жағдайы», яғный, оқыўшының ҳәзирги ўақытта ийе болып турған өзгешелиги ҳәм оған тәсирин тийгизип атырған орталық факторлары арасындағы белгиленген өз ара байланыс пенен сыпатланады. Бул бирдей жастағы барлық балалар ушын улыўма болған, ҳәм минез-қулық белгилерин ҳәм психологиялық өзгешеликлерин пайда етеди. Ҳәр бир оқыўшының тұқымға тартыўшылық ҳәм тийисли турмыс тәризи тәрепинен белгиленетуғын айрықшалығын есаптан шығарыўға болмайды.

Жоқары класс оқыўшыларының оқыўдан тыс ўақыттағы ҳуқықый тәрбиясының өзгешеликлери көбинесе жас өспиримлик дәўирдиң айрықша өзине тәнлиги менен алдын ала белгиленеди.

15 жастан 17 жасқа шекемги дәўирди жас өспиримлик дәўир ямаса ерте жаслық дәўир деп атайды.

А.С.Мудриктиң пикиринше, жас өспиримлик дәўир педагогикасы жасы жеткен, бирақ еле ересек емес, мағлыуматқа ийе, бирақ еле толық жетик емес, қызығыўшан, бирақ еле анық берилген емес инсанлар менен ислеседи-деп атап өтилген [6].

Психологлар 15-16 жасқа келгенде улыўма ақыл-ой қәбилетлери қәлиплесип болады, бирақ жас өспиримлик дәўир барысында олар раўажланыў ҳәм жетилисиўди даўам ете береди деп есаплайды. Жас өспирим ул балалар ҳәм қызлар қурамалы интеллектуаллық операцияларды меңгереди, өз түсиниклерин жетилистиреди, олардың ақыл-ой искерлиги турақлырақ ҳәм нәтийжелирек болып бара береди ҳәм соған байланыслы үлкенлер искерлигине жақынласады .

Жас өспиримлик дәўирде сана-сезимниң раўажланыў процеси даўам етеди. Бул мәнисте, Н.В.Матяштың тастыйықлаўынша, улыўма турмыслық мақсетлер нәзеринен жеке қәсийетлердиң баҳаланыўындағы алға илгерилеўшилик – сана-сезим раўажланыўының шегарасы болып табылады. Өз-өзин таныл билиўге, өзиниң жақсы тәреплери менен кемшиликлерин баҳалаўға умтылыў – усы жас дәўириниң айрықша белгиси болып есапланады. Өзиниң ишки дүньясына артықмаш қызығыўшылықтың пайда болыўы, яғный, өзин-өзи баҳалаўдың раўажланыўы, системалы түрде ҳәм избеизлилик пенен пикир жүргизиў, өзиниң ишки сезимлериниң ҳәр қыйлы сораўларына жуўап таба билиўге бейимлиликте өз көринисин табады. Дәслепки пайда болған көзқарас ҳәм пикирлерге исенимсизлик ҳәм басқаша ойлаў себеби усы өзгешеликлер нәтийжесинде келип шығады. Шахстың ҳәр қыйлы өзине тән белгилерине, қандай да бир искерликтиң табыслылығына, қоршаған орталық пенен өз ара қарым-қатнастың ҳәр түрли жағдайларда көриниўине тийкарланған өзин-өзи баҳалаў системасының жүзеге келиўи – жас өспиримлик дәўирдеги шахс сана-сезиминиң ең әҳмийетли өзгериси болып табылады. Өзин-өзи баҳалаў, жеткиликли дәрежеде жетик формаларда ҳәрекет етеди, оның мазмуны көбирек турақлы болып баслайды. Бағытланған раўажланыў жағдайларында, жас өспирим өзин ҳәм қоршаған орталықты жақсы түсине баслайды, оның тәжирийбелериниң биригиўи күшейеди, ишки дүньясы раўажланады. Усы дәўирге келип, бул жастағы шахстың сана-сезимниң бәрше тийкарғы феноменлери пайда болатуғын ҳәм қәлиплесетуғын мәнисте жуўмақланады. Бул дегенимиз, олардың буннан кейин де жетилистирилиўин ямаса шахстың жетилисиў көрсеткиши деп есапланған шынлық талапларына сәйкес өзгерислерин жоққа шығармайды [5].

Жас өспиримлердиң ойланыў искерлиги көбирек белсенди ҳәм ғәрезсиз болады. И.С.Конның пикиринше, сабақтың қызықлылығы ҳаққындағы түсиниктиң өзи жас өспиримде жасы жетпеген баланыкинен басқаша болады, егер алтыншы класс оқыўшылары сыртқы түрге қызықса, ал оныншы класс оқыўшыларына өз бетинше ойланып табыў керек болған мәселелер қызық болып көринеди. Олар ушын, улыўмаластырыўға, жеке фактлер артында жайласқан улыўма принциплер ҳәм нызамды табыўға қызығыў тән болады [4].

Мектеп оқыўшыларында ҳуқықый тәрбияны қәлиплестириўде, сабақтан тыс искерликтиң әҳмийети үлкен. Себеби, мектеплерде өтилетуғын ҳуқыққа тийисли пән-

лердиң оқытылыўы жаслардың ҳуқықый саўатқанлығын асырып барса, ал олардың сабақтан тыс искерлиги бул билим ҳәм көнликпелерди беккемлеп, ҳуқықый мәдениятынын, ҳуқықый тәрбиясын қәлиплестиреди.

**Әдебиятлар**


1. Сайдов А., Таджиханов У. Ҳуқуқий маданият назарияси. –Т.: 1998.
2. Алеуов Ө. Педагогика. –Нөкис: 1998.
3. Буева Л.П. Человек: деятельность и общение. -М.: 1978
4. Кон И.С. Психология старшеклассника: Пособие для учителей. -М.: 1980.
5. Матяш Н.В. Психология проектной деятельности школьников в условиях технологического образования. /Под ред. В.В. Рубцова. – Мозырь: 2000.
6. Мудрик А.В. О воспитании старшеклассников. - М.: 1976.



**РЕЗЮМЕ**

Бу мақолада юқори синф ўқувчиларини ўқишдан ташқари машғулотларда уларнинг ҳуқуқий тарбиясини шакллантириш, ҳуқуқий тарбиялашнинг ўзига хос жиҳатлари ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассматривается значение мастерства во внеурочных занятиях по своеобразному правовому воспитанию учеников старших классах и формированию правового воспитания.

**SUMMARY**

This article discusses the differences in the legal education of high school students in extracurricular activities and the importance of shaping their legal culture and legal education.


## БИЛИМЛЕНДИРИЎ СЫПАТЫН АСЫРЫЎДА ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАРДАН ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ


**Б.И.Арзиева -** *үлкен оқытыўшы*
**Г.Ж.ДЖамилова –** *оқытыўшы*
**Р.У.Турғанбеков -** *2-курс магистранты*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** таълим сифати, педагогик технология, инновацион ғоя, таълим, ўқитишнинг моҳияти, таълим мазмуни.

**Ключевые слова:** качество образования, педагогическая технология, инновационная идея, образование, сущность образования, содержание образования.

**Key words:** quality of education, pedagogical technology, innovative ideas, education, essence of education, content of education.


Бүгинги күнде елимизде билимлендириў тараўын қайта реформалаў, раўажланған еллердиң жаңа оқытыў технологияларын пайдаланыўды билимлендириўге енгизиўге үлкен итибар қаратылып атыр. Соның нәтийжесинде билимлендириў тараўында бир неше норматив ҳүжжетлер қабыл етилди. Өзбекстан Республикасы «Билимлендириў ҳаққында»ғы нызамы 2020-жылы қайта қабыл етилди. Бул нызамда тийкарынан ҳәр бир пуқараның Конституциялық билим алыў ҳуқықы көрсетип өтилген. Соның менен бирге, нызамда жасларға тәлим-тәрбия бериўдиң, кәсип-өнер үйретиўдиң ҳуқықый тийкарлары белгилеп берилген.

Бул тәлимниң тийкарғы мазмуны - оның ўазыйпаларында сәўлелендириледи. Соның менен бирге билимлендириўдиң бағдарларына ақылый тәрбия менен байланысы болған ўазыйпалар киреди. Буларға илимий ҳәм техникалық билимлер менен жасларды қураллandырыў, ата-бабаларымыздан мийрас қалған тарийхый ҳәм мәдений қәдириятларға садықлық сүйиўшилик, мийнетсүйгишлик, миллетлер ара дослық, қаҳарманлық, мәртлик сыяқлы пазыйлетлерди қәлиплестиреди.

Өзбекстан Республикасы жоқары оқыў орынларында шөлкемлестирилетуғын тәлимниң мазумунын ең дәслеп кәмил инсан ҳәм тәжрийбели қәнигени таярлаў процеси менен белгиленеди.

Билимлендириў – бул билим бериў, тәжирийбе ҳәм көнликпелер пайда етиў процеси болып, инсанды өмирге ҳәм мийнетке таярлаўдың тийкарғы қуралы болып есапланады. Тәлим процесинде мағлыўмат алынады ҳәм тәрбия әмелге асырлады. Тәлим тар мәнисте оқытыў түсинигин аңлатады. Бирақ ол тек ғана түрли типтеги оқыў орынларында оқытыў процесин емес, бәлки, шаңарақ, ислеп шығарыў ҳәм басқа тараўларда мағлыўмат бериў процесин де билдиреди. Тәлим ҳаққыдағы педагогикалық идеяларға қарап инсаният жәмийетиниң раўажланыў басқышларында тәлимниң мазмуны, методы, шөлкемлестириў формалары өзгерип барған. Тәлим бериў процеси яғный педагог искерлигин, улыўма оқыўшылардың билиў, үйрениў искерлигине басшылық қылыўды ҳәмде оқыў процессин билдиреди. Тәлим бериўши ҳәм тәлим алып атырған оқыўшылар искерлигиниң жыйындысынан ибарат. Тәлим ҳәм тәрбия процесинде шахстың сыпатлары, дүнья қарасы қәбилети өседи. Тәлим әўладлар ортасындағы мәнаўий мийрасхорлықты тәмийинлейди: инсанлардың социал тарийхый тәжрийбелери жас әўладқа тәлим аркалы өтеди. Тәлим ҳаққында түрли теориялар бар. Базы бир теориялар тәлимди жәмийеттиң социал-экономикалық дүзилисине байланыслы болмаған ҳәдийсе сыпатында қараса, ал екинши бир теорияда тәлимниң жеке характерге ийе екенлиги, ол жәмийеттиң ҳәр бир ағзасында белгили сиясий, философиялық, ҳуқықый қарасларды қәлиплестириў мақсетине қаратылғанынан дерек береди. Тәлимниң мақсети объектив өмир талапларына муўапық ҳалда өзгерип барғаны сыяқлы, тәлимниң характери, жөнелиси де улыўма мақсетлерге муўапық өзгерип барады. Тәлимниң деалектив тәризинде ҳақыйқый жетип баратуғын ишки қарама қарсылықлар процеси болып есапланады [2:80]. Соның менен бирге, Республикамыздың тәлим тараўы бир-бири менен үзликсиз, тығыз байланысқан ҳәм президентимиз Ш.М.Мирзиёев айтып өткениндей, ақырғы жылларда тәлим тараўының раўажланыўында жылжыўлар бир қанша әстелик пенен илгерилеп баратырғанлығы сезиледи. Ўатанымыздың тәлим сыпатын жоқарылатыў ушын бир қатар илажлар алып барылмақта. Буның айқын дәлили сыпатында, билимлендириў ҳаққындағы нызамның жаңадан қабыл етилиўи, шет ел тәжирийбелерин билимлендириў тараўына енгизилиўин айтып өтиўимиз мүмкин. Ҳәзирги раўажланған мәмлекетлердиң илгерилеў басқышына нәзер таслайтуғын болсақ, олардың раўажланыўына ерисиўде бир қатар факторлар себеп болған.

Биринши Президентимиз Ислам Каримов өз сөзинде: «биз мәмлекетимиздиң келешеги- жас әўлад қандай тәрбия алыўында, қандай мәнаўий пазыйлетлер ийеси болып өсип-өниўинде, перзентлеримиздиң өмирде өз орнын табыўда, қандай жоқары мақсетлерге ерисиўге хызмет қылыўға байланыслы екени ҳәмийше ядта тутыўымыз шәрт. Сол себепли ең дәслеп тәлим мазмунын тереңлестириў, билим бериў қурамын кеңейтиў, тәлим мазмунына билим, көнликпе ҳәм тәжирийбе асырыў имканиятын жаратыў, улыўмаинсаний мәдениятты пайда етиў, дөретиўшилик искерлик тәжирийбесин асырыў, қоршаған орталыққа ақыллы қатнасын тәмийинлеў идеясы - бүгинги күнниң